

RESANSMAN 2020: Bagay ou dwe konnen nan Massachusetts

Kisa yon Resansman ye?

Se yon kontwòl de **chak grenn** moun kap viv nan Etazini, kontwòl sa fèt **chak 10 zan**, jan manman lwa peyi a mande sa.

Biwo ki regle zafè Resansman nan Etazini rasanble enfòmasyon nan chak kay epi mete enfòmasyon sa yo sou fòm kalkil **estatistik** ke yo itilize pou fè bonjan pwogram politik epi pou pran desizyon ki gen pou wè ak kesyon bidjè. Resansman ki gen pou fèt la ap kòmanse nan mwa **Mas nan lane 2020**.




Kimoun ki konte nan Resansman an?

TOUT MOUN nan kay la! Li pa enpòtan si ou se yon sitwayen Ameriken oswa yon imigran, yon timoun oswa yon granmoun, lokatè a ki nan lis oswa yon zanmi oswa yon manm nan fanmi an k ap viv avèk yo, "ofisyèlman" oswa ou pa. Si yon moun ap viv nan 2 kay diferan (tankou yon timoun ki gen paran yo gen responsablite ananm), pou yon ka konsa, ou dwe chwazi **kay kote li fè plis tan ap viv la**.



Resansman an sekirize ak konfidansyèl!

Biwo Resansman an pran anpil etap pou pwoteje done tout moun, epi **lwa federal entèdi epi limite** kijan yo kapab itilize enfòmasyon an. **Repons ou bay la paka itilize kont ou** menm pa okenn ajans ki nan gouvèman oubyen tribinal. Yo senpman ka mete yo anvan ak lòt enfòmasyon pou kreye analiz estatistik. Enfòmasyon ki sot nan kay yo paka pataje ak okenn moun **pandan 72 lane**. Sa ka koute jiska 5 lane prizon epi \$250,000 dola vèt kòm amand pou vyolasyon.



Kisa yo mande nan yon Resansman?

Pou chak kay, li mande:

- **Konbyen moun** kap viv nan kay la, nan dat **1^e Avril 2020?**
- Eske ou **lwe** ou byen **met kay la?**
- Ki **nimewo telefòn** ou?

Pou chak rezidan, li mande:

- **Non** ak **relasyon** ak moun ki konsène a
- **Dat moun nan fèt**
- **Laj** moun nan ak **sèks** li
- **Ras/koulè** moun nan, ak **gwoup etnik** li.



Se sa sèlman, li senp epi li fasil.

Yo pap mande w koze sou nasyonalite w oubyen sou estati imigrasyon ou!

KISA OU KA ATANN? ME YON APÈSI DE KESYONÈ RESANSMAN 2020 AN:

Start here OR go online at [url removed] to complete your 2020 Census questionnaire.
Use a blue or black pen.

Before you answer Question 1, count the people living in this house, apartment, or mobile home using our guidelines.

- Count all people, including babies, who live and sleep here most of the time.
- If no one lives and sleeps at this address most of the time, go online at [url removed] or call the number on page 8.

The census must also include people without a permanent place to live, so:

- If someone who does not have a permanent place to live is staying here on April 1, 2020, count that person.

The Census Bureau also conducts counts in institutions and other places, so:

- Do not count anyone living away from here, either at college or in the Armed Forces.
- Do not count anyone in a nursing home, jail, prison, detention facility, etc., on April 1, 2020.
- Leave these people off your questionnaire, even if they will return to live here after they leave college, the nursing home, the military, jail, etc. Otherwise, they may be counted twice.

1. How many people were living or staying in this house, apartment, or mobile home on April 1, 2020?

Number of people =

2. Were there any **additional** people staying here on April 1, 2020 that you **did not include** in Question 1?
Mark all that apply.

- Children, related or unrelated, such as newborn babies, grandchildren, or foster children
- Relatives, such as adult children, cousins, or in-laws
- Nonrelatives, such as roommates or live-in babysitters
- People staying here temporarily
- No additional people

3. Is this house, apartment, or mobile home — Mark ONE box.

- Owned by you or someone in this household with a mortgage or loan? *Include home equity loans.*
- Owned by you or someone in this household free and clear (without a mortgage or loan)?
- Rented?
- Occupied without payment of rent?

4. What is your telephone number?
We will only contact you if needed for official Census Bureau business.

Telephone Number
 - -

[Form number removed]

SE YON ENVESTISMAN NAN KOMINOTE NOU YO


Enfòmasyon ki kolekte nan Resansman an itilize pou mobilize plis pase **\$675 milya dola** vèt chak lane nan lajan ki soti nan kès federal, sipò ak finansman Eta yo, san konte reyon ak kominote yo.



Pou Massachusetts, **\$16 milya** ki déjà debloke, oswa **\$2.372 pou chak moun**. Sa se lajan pou lekòl, lopital, wout, lojman abòdab, travay piblik ak lòt investisman enpòtan.

SE YON REPREZANTASYON POLITIK KI EGAL EGO

Resansman an pral di **konbyen plas** Massachusetts pral genyen nan kongrè a, epi tou, enfòmasyon ki va pwodwi yo pral itilize pou pase men sou limit lalwa sou distri yo.



SE KIMOUN KI KONTE NAN KOMINOTE NOU YO


Politisyen yo, chèchè yo ak lidè biznis yo itilize done Resansman an pou konprann chak kominote ak gid chwa yo. Men, Resansman ki pase yo te diminye reprezantasyon anpil gwoup, tankou: Lokatè, moun ki pa gen koule blan, moun ki nan kominote LGBTQ, imigran, timoun, ti granmoun elatriye.

Nou tout merite yo dwe wè, tande ak konte.



Kòman mwen ka patisipe nan Resansman an?

Chak kay gen pou resevwa yon **lèt ki soti nan Biwo Resansman an nan mwa Mas 2020**, aprè lèt sa ap gen yon **kat postal** kap fè rapèl la. Ou



Ou pral gen **3 fason yo reponn**: sou entènèt, pa telefòn, oswa pa ranpli yon fòm papye.



Sou entènèt ak pa telefòn, ou ka reponn an **angle + 12 lòt lang**. Fòm papye a disponib an anglè ak an espanyòl.



Ou va gen pou ou **reponn pou pita nan mitan mwa Me**; si se pa sa Biwo Resansman an ap voye yon moun pou pran repons ou a an pèsòn.



Isit la ou ka jwenn plis enfòmasyon

MassCounts: www.masscounts.org
Resansman Mass. 2020: sec.state.ma.us/census2020
Biwo Resansman: 2020census.gov

**ANGAJE
POU KONTE!**



Pou lavni nan Massachusetts

RESANSMAN 2020
Bagay ou dwe konnen
nan Massachusetts

